



Aplikasyon nan Pwogram Distribisyon Ensilin

ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A – TANPRI EKRI AN LÈT DETACHE

Non: _____
Non Fanmi _____ Prenon _____ I.D. Kliyan _____ Gason oswa Fanm _____

Adrès Postal: _____
(Dwe se yon nimewo kay.) _____ Telefòn _____ Dat ou Fèt _____

Vil _____ Konte _____ Eta _____ Kòd Postal _____

M ap viv nan Florida pou moman an. Mwen gen entansyon rete nan Florida. _____ Wi _____ Non

Mwen gen dyabèt epi mwen bezwen ensilin. (Preskripsyon an tache.) _____ Wi _____ Non

Mwen pa gen ni Medicaid ni asirans sante ki garanti ensilin, oswa mwen gen yon kopeman mwen pa gen mwayen pou peye. _____ Wi _____ Non

Revni fanmi mwen chak ane apre dediksyon se \$_____.

Gen _____ moun nan fanmi mwen.

Byen mwen, ki pa kay mwen, vo mwens pase \$2,500 dola. _____ Wi _____ Non

ENFÒMASYON MEDIKAL

Èske ou fè alèji/reyaksyon ak kèk medikaman ou konnen? _____ Wi _____ Non

Si ou reponn wi, tanpri endike medikaman an (yo):

Bay medikaman ou gen preskripsyon pou yo w ap pran kounye a epi ou pa t resevwa nan Central Pharmacy:

Bay lis medikaman ou pa gen preskripsyon pou yo w ap pran kounye a:

Tanpri tcheke si ou gen nenpòt pwoblèm sante ki endike anba la yo:

- | | | |
|--------------------------|----------------------|------------------------|
| _____ Atrit | _____ Pwoblèm Kè | _____ Tansyon ki Wo |
| _____ Ilsè | _____ Maladi Ren | _____ Maladi Parkinson |
| _____ Dyabèt | _____ Maladi Poumon | _____ Anemi |
| _____ Kansè | _____ Lafyèw Rimatis | _____ Gwosès (ansent) |
| _____ Epilepsi (Malkadi) | _____ Tibèkiloz | _____ Lòt _____ |
| _____ Maladi Opresyon | _____ Maladi Fwa | |
| | _____ Twoub Kayo San | |

Mwen rekonèt tout enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen. Mwen rekonèt si mwen gen yon chanjman nan revni oswa byen mwen, mwen dwe rapòte chanjman sa a bay depatman sante konte a (CHD) nan yon delè 90 jou apre chanjman an. Mwen rekonèt CHD ka verifye enfòmasyon mwen bay sou revni mwen. Mwen rekonèt si mwen fè espere pou bay nenpòt fo deklarasyon oswa deklarasyon pou twonpe moun, yo kapab akize mwen kòm moun ki fè yon deli dezyèm degre epitou sa ap lakòz mwen pa kalifye pou pwogram sa a.

Tanpri voye preskripsyon mwen pa lapòs nan: _____ adrès lakay mwen ki endike anwo a oswa _____ CHD nan _____

Siyati Moun ki Aplike a

Dat la

DETÈMINASYON KALIFIKASYON: SE CHD KI DWE RANPLI SEKSYON SA A – KOCHÉ KAZ KI KONSENE OU ANBA LA A

Mwen konfime dapre enfòmasyon moun ki aplike a bay yo epi dapre Chapit 64F-18, F.A.C., moun sa a ki aplike a

- kalifye pou Pwogram Distribisyon Ensilin nan.
- kalifye pou Pwogram Distribisyon Ensilin nan kòm yon kliyan nan moman an ki gen yon revni fanmi apre dediksyon chak ane nan 101% a 200% gid federal povrete, ki satisfè tout lòt kritè kalifikasyon yo, pa gen resous pou achte ensilin, epi li pa kapab jwenn lòt resous pou ensilin li. Kliyan sa a dwe peye yon frè pou ensilin nan dapre yon echèl frè varyab jan sa endike nan Chapit 64F-16, F.A.C.
- pa kalifye pou Pwogram Distribisyon Ensilin nan.

Siyati Anplwaye CHD

Dat Detèminasyon Kalifikasyon an

Dat Ekspirasyon Kalifikasyon
(yon ane apre dat detèminasyon an)

DISTRIBISYON POU IJANS: SE CHD KI DWE RANPLI SEKSYON SA A

Moun sa a ki aplike a pa kalifye pou Pwogram Distribisyon Ensilin men li deklare li pa gen resous pou achte ensilin. Li pa kapab jwenn okenn lòt sous pou ensilin li; men moun sa a ki aplike a kalifye pou resevwa yon kantite ensilin pou ijans pou yon mwa gratis, yon sèl fwa nan yon peryòd 12 mwa.

Siyati Anplwaye CHD

Dat la

RAPEL POU KLIYAN AN SOU EDIKASYON POU OTO-KONTWÒL DYABÈT [DIABETES SELF-MANAGEMENT EDUCATION (DSME)]

Ekip CHD jwenn ankourajman pou itilize okazyon ki prezante pandan y ap detèmine kalifikasyon pou Pwogram Distribisyon Ensilin pou mande kliyan an si li te patisipe nan yon klas DSME. Si kliyan an pa t patisipe nan yon klas, ekip CHD ta dwe bay kliyan an enfòmasyon sou klas ki disponib nan konte a oswa toupre konte a. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo sou entènèt <http://www.diabeteseducator.org/ProfessionalResources/accred/Programs.html#Florida> oswa http://professional.diabetes.org/erp_zip_search.aspx

EKSPLIKASYON POU RANPLI FÒM APLIKASYON POU PWOGRAM DISTRIBISYON ENSILIN

ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A: Ede moun ki aplike a bay enfòmasyon yo nan seksyon sa a. Li ka nesèsè pou ou li oswa eksplike seksyon sa a ba moun ki aplike a.

Ou dwe tache yon preskripsyon ki gen enfòmasyon yo ladan nan fòm sa a:

- Non moun nan (ki ekri an lèt detache oswa ki tape)
- Dat timoun nan fèt
- Nimewo lisans leta doktè a oswa enfimyè a ak nimewo DEA si genyen
- Non doktè a oswa enfimyè a (ki ekri an lèt detache oswa ki tape)
- Siyati doktè a oswa enfimyè a
- Nimewo telefòn doktè a oswa enfimyè a
- Dat preskripsyon an
- Kalite ensilin (R - Regilye, N-Entèmedyè, oswa 70/30)
- Dòz medikaman an
- Si epi ki kantite renouvèlman yo aksepte

KRITÈ POU KALIFYE: Detèmine si moun ki aplike a kalifye dapre kritè ki endike anba la a:

- Se yon moun ki deklare li ap viv nan Florida
- Gen dyabèt
- Pa gen asirans, pa gen ase asirans ki garanti ensilin nan, oswa pa gen kopeman moun ki aplike a kapab peye
- Gen yon revni fanmi apre dediksyon ki nan oswa anba 100% gid povrete
- Pa gen plis pase \$2,500 dola nan lajan prive, nan kont labank, oswa nan resous ki pa yon kay
- Pa yon moun ki nan Medicaid pou moman an

CHD ap detèmine kalifikasyon dapre pwosedi ekri yo. CHD ka egzije dokiman revni oswa yo ka aksepte moun fè deklarasyon poukont li dapre règleman lokal. Yo aksepte moun ki aplike a deklare si li ap viv nan Florida, kondisyon asirans li, ak resous li.

Si CHD gen yon famasi anplas, CHD ap konsève fòm aplikasyon orijinal la.

Si CHD pa gen yon famasi anplas, voye aplikasyon orijinal la ak preskripsyon an nan:

Central Pharmacy
116-A Hamilton Park Drive
Tallahassee, FL 32304
(850) 922-9036 oswa (800) 554-4584